



PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL REYINYON ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON

29 Jen 2022

Komite Lekòl Boston nan te fè yon reyinyon espesyal adistans sou Zoom nan dat 29 jen 2022 a 5è p. m. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik yo ki nan lis anba a, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston an nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite Lekòl la ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran ak reprezantan elèv yo Xyra Mercer.

Manm komite lekòl la ki te absan: Okenn

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Pwogam

Pwosè Vèbal Reyinyon an: 23 Jen 2022 ak 24 Jen 2022

Nòt Prezidan Robinson pou Komite Lekòl Boston: Rekòmandasyon pou nonmen Drew Echelson kòm Siveyan enterimè, 21 jen 2022

Nòt vis prezidan komite rechèch siveyan an pou prezidan Robinson re: Finalis pou pòs siveyan lekòl yo, 21 jen 2022

APÈL POU KÒMANSE

Prezidan Jeri Robinson te louvri reyinyon an nan lòd epi fè deklasyon fidelite a. Madam Sullivan te fè apèl nominasyon. Madam Mercer te absan pandan apèl la men li te vin rantre nan reyinyon an pita. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di reyinyon aswè a ap difize an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou Boston City TV. È Li pralibliye tou sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube.

29 Jen 2022

Li te anonse sèvis entèpretasyon similtan disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vè, Vietnamyen, Kantonè, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtan lè yo chanje chanèl Zoom la. Tradiksyon dokiman reyinyon ak te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan reyinyon an kòmanse.

APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON AN

Prezidan Robinson te anonse komite a pral ranvwaye apwobasyon pwosè vèbal reyinyon komite lekòl yo nan dat 8 ak 21 jen 2022 jiska pwochen reyinyon òdinè a.

Apwouve -Nan apèl nominal, komite a te apwouve an blòk pwosè vèbal reyinyon komite Lekòl yo 23-24 jen 2022.

RAPÒ SIVEYAN AN

**Jan li te prepare pou prezantasyon an.*

Mèsi, Madame Prezidan, e mèsi tout moun paske nou ansanm aswè a. Sa a se dènye mizajou mwen pou ou kòm siveyan. Mwen pral fè kèk remak final nan fen rapò mwen an, men mwen te vle pataje kèk mizajou enpòtan sou semèn ki sot pase yo.

Mwen vle remèsye manm Biwo Fanmilyal la ak Avansman Kominotè pou sipò yo bay fanmi Mission Hill yo. Mwen te mande siveyan adjwen an Drew Echelson pou l dirije yon ekip entèfonksyonèl ki fè swivi ak sipòte elèv Mission Hill ak fanmi yo pandan sezon otòn la e pi lwen, jan sa nesèsè. Faz 2 yo ak Faz 3 nan ankèt la pral fini nan semèn kap vini yo. Siveyan enterimè a ak/oswa nouvo Siveyan an pral konsidere epi avanse ak nenpòt nan rekòmandasyon ki soti nan rapò sa yo epi ansuit pran mezi administratif oswa disiplinè li jije apwopriye. Distri a pa pral pataje pati nan rapò yo ki konsène anplwaye endividyèl yo onivo lekòl la oswa distri a paske enfòmasyon sa yo se enfòmasyon pèsònèl e konfidansyèl. Distri a pral rann piblik pati rapò yo ki trete defisyan onivo sistèm ki dwe abòde dapre rezilta yo nan Hinkley-Allen.

Youn nan bagay k ap fè m pi fyè se lè mpanse sou tan mwen isit nan Boston se travay nou te fè pou avanse enstalasyon nou yo. Pa konprann mwen mal, toujou gen anpil travay pou fè, men konnen lekòl nou yo gen kèk nan eleman debaz yo tankou dlo potab pou bwè, amelyorasyon twalèt yo, nouvo kwizin ak salklas ki pi modèn, swa fini oswa sou wout, ansanm ak kèk nouvo lekòl enteresan oswa gwo renovasyon ki enpòtan anpil pou avni Boston. Se poutèt sa Majistra Wu te anonse Yon Nouvo Deal Green pou BPS ak yon angajman 2 milya dola pou garanti kalite enstalasyon tout elèv yo merite. Chak elèv nan Boston merite aprann nan yon espas ki an sekirite, ki pwòp, efikas nan enèji e ki enspire konfyans. Sepandan, anpil bilding lekòl nou yo manke enfrastruktir debaz yo bezwen. Gen desizyon difisil pou nou pran men nou te kòmanse angajman kominote a sou kèk nan pwopozisyon ki sot pase yo pou konstwi nouvo lekòl, renovasyon bilding ki deja egziste ak konbine kèk kominote eskolè. Mwen vle raple tout moun sa yo se jis pwopozisyon e nou angaje nan pousuiv angajman kontinyèl. Nou te gen premye reyinyon kominotè yo ak lekòl Russell, Clap, Shaw, Taylor, Sumner ak Philbrick sou nenpòt

29 Jen 2022

solisyon potansyèl de kanpis yo. Ete sa a, distri a ap revize pwopozisyon lidè lekòl yo bay sou preparasyon kalandriye a ak entansyon pou pote rezilta sa yo nan kominote lekòl yo pou sezon otòn sa a. Siveyan lekòl yo ak responsab lekòl yo ap kreye tou yon seri atelye konsepsyon yo pral òganize nan mwa Out ak Septanm pou resevwa fidbak kominote a. Apre angajman kominote a epi yon fwa pwopozisyon an fini, nou pral pote yon rekòmandasyon final bay komite lekòl la nan fen sezon otòn lan. Nou pral kòmanse angaje nou tou ane pwochen pou detèmine ki kominote lekòl ki pral deplase nan Nouvo Konstriksyon yo epi yo pral idantifye pou gwo renovasyon yo. Gen anpil travay pou fè, men mwen gen konfyans nou te poze yon plan ak fondasyon solid pou pwochen siveyan an ka dirije travay enpòtan sa a.

Nou kontan anonse Vil Boston, Lekòl Piblik Boston (BPS), ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) te rive jwenn yon akò sou yon Plan Amelyorasyon Sistemik pou asosye sou aksyon espesifik nan relve defi ki la depi lontan, BPS ap fè fas. Plan an gen ladan delè klè ak angajman ansanm pou elimine baryè sistemik nan opòtinite edikasyonèl, bati kapasite operasyonèl pou aplike chanjman sistemik, epi sipòte elèv Boston yo nan reyalize tout potansyèl yo. Plan an esplike domèn kote BPS dwe konsantre atansyon ak enèji li: sekirite elèv, edikasyon espesyal, elèv k ap aprann plizyè lang, transpò, enstalasyon, lekòl transfòmasyon, done ak responsablite. BPS anvi avanse nan kontinye travay enpòtan sa a, epi li rekonesan anvè kominote lekòl nou yo pou patenarya yo pandan tranzisyon lidèchip nou an ap kontinye. Mwen ta renmen remèsye pèsonèlman Dr Drew Echelson ki, ansanm ak anpil kòlèg BPS, te dirije negosyasyon ak preparasyon nan non BPS. Mwen te mande Doktè Echelson pou pataje kèk detay sou akò a epi mete aksan espesifik sou sijè ki abòde nan travay ak delè ki pi rapid.

[Dr. Echelson te revize [pwon enpòtan nan Plan Amelyorasyon Sistemik DESE-BPS la](#) e li te di, li angaje l pou l bay Komite a rapò sou pwogrè regilyèman, premye nan yo pral fèt anvan dat 31 out 2022.]

Lendi ki sot pase a se te dènye jou lekòl nou an. Ala yon ane ki te pase! Mwen vle remèsye tout elèv nou yo, fanmi yo ak anplwaye nou yo ki te fè ane sa a tèlman espesyal. Li pa t toujou fasil, men edikatè nou yo ak estaf lekòl nou an pa t janm dekouraje. Enskripsyon pandan ete yo gen plis pase 6,000 epi nou vize 6,500 nan fen semèn nan. Pwogram ete a ap kòmanse madi 5 jiyè.

Dirije BPS se te yon eksperyans m ap sonje toutan ak pou tout rès vi m. Li te difisil, men defi sa a te tounen kèk nan travay ki pi satisfèzan ak diy nan karyè mwen. Mwen te tèlman aprann nan Boston, grasa sa mwen vin yon pi bon lidè e yon pi bon moun. Mwen konnen ou santi w konsa tou. Advèsite yo fè nou vin pi fò, men sa ki pi enpòtan, li bati karaktè nou ak gide objektif nou. Pwochen Siveyan an pral bezwen sipò w. Pèsonn pa fè travay sa a poukont li e sa pral mande efò ekstraòdinè yon lòt fwa nan tout kwen vil nou an pou kontinye bonjan pwogrè dènye yo. Pwogrè a posib. Mwen ofri Majistra Wu pi bon souwè m ak tout kè m pandan l ap travay pou amelyore rezilta pou elèv, fanmi ak kominote nou yo.

Mwen vle remèsye ansyen Majistra Walsh tou paske li te ban mwen opòtinite sa a ak paske li te bay BPS yon finansman anyèl pèmanan 100 milyon dola. Sa vle di pandan de ane ki sot pase yo nou te ajoute plis pase 200 milyon nan envestisman adisyonèl. Nouvo fon sa yo ale dirèkteman pou etidyan nou yo epi yo bay nou tout lòt ogmantasyon ki pi wo nan depans tankou salè oswa lòt depans pou antretyen. Epi kounye a, nan twazyèm ane sa a, nou gen 110 milyon dola konseye minisipal yo (City Councilors) te apwouve. Mwen ta renmen remèsye tou ansyen

29 Jen 2022

Majistra Kim Janey ki te defann san rete etidyan ki pi vilnerab yo, e sètènman Prezidan an tou, Vis Prezidan an ak manm Komite Lekòl Boston nan tan lontan ak kouny a, pou sèvis yo bay BPS ak sipò yo te ban mwen pèsònèlman.

Mwen santi m beni pou akonpli sa mwen kwè se te vokasyon mwen pou: dirije Lekòl Piblik Boston yo pandan pandemi sa a ak chanjman enpòtan e istorik nan politik ak opòtinite nou te kreye pandan n ap fè efò pou mezire tout bagay nan benefis timoun yo, lè nou ba yo sa yo bezwen pou yo reyisi ak aplike yon visyon ki baze sou ekite ak kont rasis. Mwen fini nan remèsye chak edikatè, lidè lekòl, manm estaf biwo santral, travayè alimantè, ofisye sekirite, ajan sekirite yo, gadyen nou yo ak manm ekip etablisman an. Mwen swete chak nan nou yon abondans siksè ak lajwa e m ap tann avèk anpil enpasyans pou rankontre nou ankò. Mwen te vini janti nan Minnesota, men mwen pral rantre fò Boston, lakay mwen. Mwen se yon pi bon lidè ak yon pi bon moun akòz sèvis mwen nan Boston e mwen swete pwochen siveyan an anpil siksè.

Mesye O'Neill te raple li te akonpaye siveyan Cassellius nan anpil vizit lekòl e li te fè lwanj pou travay ekite li.

Mesye Cardet-Hernandez te remèsye siveyan an pou lidèchip li epi li te di li espere resevwa rezilta pwochen ankèt Mission Hill School la. Li te poze yon kantite kesyon klarifikasyon sou rekritman yon kontab endepandan ak Green New Deal la. Siveyan adjwen afè akademik, Drew, te deklare DESE pral chwazi yon kontab pou BPS anvan 15 out. Siveyan an te deklare li prevwa pwochen siveyan an pral travay ak nouvo Biwo Jesyon Risk pou konfòme yo ak egzijans done DESE yo. Doktè Echelson te deklare kontab la pral egzamine done ak pwosesis ki dèyè yo epi fè rekòmandasyon bay gwoup travay la sou done yo. Lè sa a, BPS pral entèwoje pwòp sistèm li yo kòm yon pati nan pwosesis amelyorasyon kontinyèl. Siveyan an te di pandan 18 pwochen mwa yo, yon pwofesyonèl eksteryè pral fè yon evalyasyon sou kondisyon enstalasyon yo pou l pwodui yon seri done ki pi gwo ak pwofondi sou kondisyon bilding yo epi fè rekòmandasyon pou reparasyon, ranplasman, ak renovasyon. Objektif Green New Deal la se pou asire tout lekòl BPS yo pwòp, an sekirite ak enèji efikas.

Doktè Alkins te mande yon mizajou sou enskripsyon pou aprantisaj ete a. Siveyan an te di plis pase 6,000 elèv te enskri nan opòtinite pou kou d ete yo.

Madam Robinson te mande yon mizajou sou enskripsyon pwogram d ete yo ak transpò. Chèf Enterimè Avansman Familyal ak Kominotè Denise Snyder te deklare chofè yo te of pou chak trajè transpò pandan ete a. Doktè Echelson konfime BPS pral swiv pèfòmans ponktyèl yo pandan ete a.

Mesye Cardet-Hernandez te mande klarifikasyon sou pozisyon nouvo kontab la. Doktè Echelson te eksplike BPS toujou gen plis negosyasyon pou wè ak DESE konsènan mezi yo pral swiv. Li te di gwoup travay sou done yo pral responsab pou aksepte enfòmasyon ak rekòmandasyon nan men kontab la epi amelyore pwosesis la tankou tout estrateji chanjman ki nesèsè. Mesye Cardet-Hernandez te mande komite lekòl la fikse yon kalandriye mizajou DESE nan distri komite a. Madam Robinson te deklare dirijan BPS yo ak vil la pral rankontre ak

29 Jen 2022

dirijan DESE yo chak mwa. Li te endike nan reyinyon 13 jiyè a, Komite a pral diskite sou planifikasyon ajanda ki mete aksan sou siveyans rezilta elèv yo.

Apwouve - Nan apèl nominal la, komite lekòl la te apwouve an blòk rapò sipèvizè a.

Madam Robinson te prezante yon videyo ki mete aksan sou pozisyon Dr Cassellius kòm Sipèvizè BPS.

Manm komite yo te remèsye sipèvizè Cassellius pou lidèchip eksepsyonèl li ak atansyon l sou ekite. Doktè Cassellius te remèsye komite a ak kominote BPS la pou sipò yo epi li te soti nan reyinyon an.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Elsa Flores, rezidan nan Lès Boston, paran BPS ak defansè kominote a, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis doktè Tommy Welch.
- Shawn Stanuslaus, rezidan Dorchester, etidyan TechBoston Academy, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Marcus McNeill, diplome nan lekòl segondè Fenway epi vis prezidan komite rechèch siveyan, te kòmante osijè entegrite pwosesis rechèch la.
- Jose Valenzuela, pwofesè Boston Latin Academy epi vi prezidan komite rechèch siveyan, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Alexandra Oliver-Davila, rezidan Roslindale ak Direktè Egzekitif Sociedad Latina, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis doktè Tommy Welch.
- Will Austin, rezidan Roslindale ak direktè egzekitif fon eskolè Boston, te opine konsènan ankèt sou K-8 Mission Hill Pilot School.
- John Mudd, rezidan Cambridge ak manm Group Travay Elèv k ap Aprann Anglè yo (ELL), te opine osijè gwoup kandida yo pou pòs siveyan.
- Sharon Hinton, rezidan Hyde Park ak defansè kominote a, te opine osijè pwosesis rechèch siveyan an ak posibilite pou entèvansyon eta a.
- Michael Heichman, rezidan Dorchester ak manm Boston Education Justice Alliance, te opine osijè pwosesis rechèch siveyan an ak posibilite pou entèvansyon eta a.
- Ruby Reyes, rezidan Dorchester ak direktè egzekitif Boston Education Justice Alliance, te kòmante an favè pwolonjman pwosesis rechèch siveyan an.
- Lisa Green, rezidan nan North End, manm eli komite lekòl Boston, te opine an favè pwolonjman pwosesis rechèch siveyan.
- Jane Reilly, rezidan nan Lès Boston ak paran BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis doktè Tommy Welch.
- Joy Ramnarine, rezidan Easton ak pwofesè BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis doktè Tommy Welch.
- Bethlehem Ghidey, rezidan Roxbury ak paran BPS, te pataje enkyetid yo sou fizyónman yo pwopoze pou lekòl Russell ak Clap.
- Chris Fung, rezidan Dorchester ak paran nan Lekòl Elemantè Russell te pataje enkyetid yo sou fizyónman yo pwopoze pou lekòl Russell ak Clap.
- Sarah Wilfred, rezidan Fenway ak pwofesè BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis doktè Tommy Welch.

29 Jen 2022

- Casey Allen, rezidan East Wareham ak anplwaye nan konstriksyon Suffolk, te kòmante konsènan yon karyè pwofesyonèl.
- Hilary Aguirre, rezidan East Boston ak paran nan BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis doktè Tommy Welch.
- Francia Reyes, rezidan Arlington, te deklare l ap pou sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Paula Magnelli, rezidan Somerville, paran ak defansè kominote a, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Jessica Boston Davis, rezidan Malden ak anplwaye Lekòl Piblik Somerville, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Christine Trevisone, rezidan Malden ak anplwaye nan Lekòl Piblik Somerville , te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Glenda Soto, rezidan Peabody ak anplwaye Lekòl Piblik Somerville, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Eric Conti, rezidan Andover ak anplwaye Lekòl Piblik Burlington, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Darlene Lombos, rezidan Roxbury ak paran BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Ilana Krepchin, rezidan Somerville ak manm Komite Lekòl Somerville, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Kristen Leathers, rezidan Roslindale ak pwofesè BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Aisha Banda, rezidan Roxbury, te temwaye pou sipòte Sipèvizè finalis Mary Skipper.
- Raul Brown, rezidan Dorchester ak anplwaye TechBoston Academy, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Karen Aylward, rezidan West Roxbury ak pwofesè Lekòl Segondè Brighton, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Helen Moskowitz, rezidan Quincy, ak pwofesè TechBoston Academy, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Leslie Lartey, rezidan Everett ak anplwaye Lekòl Piblik Somerville, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Barbara Fields, rezidan Mattapan ak manm Alyans Edikatè Nwa nan Massachusetts (Black Educators Alliance of Massachusetts, BEAM), te kòmante an favè pwolonjman pwosesis rechèch siveyan.
- Siobhan Dooling, rezidan nan West Roxbury, li se paran, pwofesè nan BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Justin Desai, rezidan West Roxbury, pwofesè TechBoston Academy, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Gisely Rivera, rezidan Hyde Park ak ansyen elèv TechBoston Academy, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Katherine Santiago, rezidan Chelsea, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Karen Provenzano, rezidan Dorchester e pwofesè TechBoston Academy, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.
- Antwain Sheffield, rezidan Dorchester e pwofesè TechBoston Academy, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.

29 Jen 2022

- Robin Citrin, rezidan Roslindale e pwofesè BPS, te deklare l ap sipòte pou pòs siveyan finalis Mary Skipper.

PWEN ENTÈVANSYON YO

Doktè Alkins ak mesye Cardet-Hernandez te eksprime sipò pou nome doktè Echelson kòm siveyan pwovizwa, byenke mesye Cardet-Hernandez deklare li te swete komite a te aji pi bonè.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk rekòmandasyon prezidan an pou nonmen doktè Drew Echelson kòm siveyan pwovizwa Lekòl Piblik Boston yo, apati 30 jen 2022, epi l ap kontinye jiska dat komite lekòl la nome yon nouvo siveyan.

Apwouve - Nan apèl nominal, komite a te apwouve an blòk yon demann konsantman pou abòde yon diskisyon sou kandida finalis yo pou pòs siveyan Lekòl Piblik Boston yo.

Madam Robinson te di nominasyon siveyan pral bezwen omwen kat vòt afimatif pou nenpòt kandida. Li te pwopoze pou chak manm pataje refleksyon yo, konkli remake yo ki endike kandida prefere yo, apresya reyalize vòt nominatif pou kandida ki gen plis preferans yo. Madam Robinson te raple semèn pase, Komite rechèch siveyan an te prezante komite a seleksyon final li yo pou pòs siveyan Lekòl Piblik Boston yo: Mary Skipper, siveyan Lekòl Piblik Somerville, ak Doktè Tommy Welch, siveyan Rejyon 1 pou Lekòl Piblik Boston yo. Nan dat 23 ak 24 jen 2022, tou definalis yo te patisipe nan yon seri entèvyou pandan yon jounen, yo te dialoge ak patnè kominotè yo, edikatè, lidè lekòl yo, elèv ak fanmi yo. Seyans ki te dire yon jounen te abouti avèk yon entèvyou piblik ak Komite Lekòl Boston yo. Tout videyo yo te pibliye sou [sitwèb rechèch la](#) pou Komite a ak kominote a an jeneral kapab revize. Madam Robinson te prezante eskiz li pou reta nan piblikasyon kèk videyo akòz kèk difikilte teknik. Li envite chak manm komite a pou pataje kòmantè ak refleksyon yo sou kandida final yo, epi endike kandida yo chwazi.

Mesye Tran remèsye Komite rechèch siveyan pou travay li. Li te di li pa sipòte sijesyon kèk moun pou pwolonje rechèch la, li remake gen anpil pwoblèm ijan distri a ap fè fas a. Mesye Tran te di malgre tou de finalis yo kalifye, kandida li te prefere a se **Mary Skipper** paske li santi li gen plis eksperyans travay avèk Boston Teachers Union (BTU) ak DESE.

Madam Loperate pale sou gwo chaj desizyon an ak enpak li pral genyen sou BPS ak vil la. Li te di pi gwo faktè ki afekte desizyon li te genyen se angajman kandida yo ak dosye angajman yo nan kominote a ak patenarya fanmi yo, filozofi kandida yo anrapò ak moun k ap aprann lang anglè yo (ELLs) ak ansèyman nan lang natif natal yo, kandida yo te demontre dosye rezilta yo amelyore pou elèv ki pi majinalize e vilnerab yo, patikilyèman elèv k ap aprann lang anglè. Madam Lopera te di kandida prefere li se te **Dr Tommy Welch**.

Madam Polanco Garcia te di anpil imigran nan kominote BPS la pa santi yo alèz pou eksprime opinyon yo sou finalis yo akòz sitiwayon imigrasyon yo, analfabetis yo, /oswa baryè langistik yo. Li te di malgre li apresye anpil travay Dr Welch nan BPS, kandida prefere l se **Mary Skipper**. Madam Polanco Garcia te pwomèt pou l travay avèk Madam Skipper pou sipèvize aplikasyon Lwa LOOK la nan distri a epi bay atansyon imedyata nan ELL yo, elèv ki gen bezwen

29 Jen 2022

espesyal, elèv koulè yo ak elèv ki gen kondisyon revni ki fèb yo. Li te pale sou nesesis pou pran desizyon ki plis kolaboratif ak repons ki pi rapid nan biwo santral la. Li te di pwochen siveyan dwe gen yon vizyon klè.

Dr Alkins te pale sou difikilte desizyon an devan komite a epi li remèsye kominote a pou kòmantè yo. Li te di li enpòtan pou kenbe yon gwoup divèsifye e li sijere pou komite a egzamine pwosesis pou rekritman epi kenbe kandida majinalize yo pandan tout pwosesis rechèch la. Doktè Alkins te deklare elèv yo ak fanmi yo bezwen estabilite, li di l pa sipòte relouvèti rechèch la, li remake tou de kandida yo kalifye. Doktè Alkins te di kandida prefere li se **Doktè Tommy Welch**, li te di l demontre yon gwo sans devlopman, adaptabilite ak konpreyansyon defi distri a ap konfronte.

Mesye Cardet-Hernandez dekri pwosesis rechèch la kòm enpafè, li te pataje enkyetid li yo konsènan rapidite, kominikasyon, òganizasyon, delè ak pwosesis reyaksyon yo. Li te ekspri enkyetid li paske de kandida koulè yo te abandone nan faz etap final yo. Li sijere pou l aprann nan pwosesis la epi pote amelyorasyon alavni. Remake tou de kandida yo ekselan, Mesye Cardet-Hernandez te deklare **Dr Tommy Welch** se kandida prefere, li site rezilta enpresyonan elèv East Boston yo ak angajman Dr Welch an favè jistis pou moun andikap yo.

Reprezantan etidyan yo **Xyra Mercer**, yon manm komite a ki pa gen dwa vote selon akò ak lwa eta a, te pale sou enpòtan dwa pou elèv yo vote. Li te diskite sou pwèn fò tou de kandida yo, li di BPS bezwen yon sipèvizè ki ka enspire elèv yo, ki pa pè di non, epi ki onèt.

Mesye O' Neill remèsye komite rechèch siveyan an, anplwaye yo, JG Consulting, Prezidan Robinson, ak kominote a. Li te ekspri konfyans tou de kandida ka yon bon siveyan. Li te di gen yon to enterè ki pi ba nan wòl siveyan yo onivo nasyonal, li remake dènye rechèch siveyan nan Dallas, Orlando, Philadelphia, ak Chicago te gen mwens aplikasyon pase BPS. Li te di kòm prezidan kap soti nan Konsèy la nan Lekòl Great City, li aktivman rekrite pou pozisyon an. Li te di anpil siveyan yo swa kite pwofesyon an oswa ki santi yo oblije rete nan pòs aktyèl yo pou sipòte distri yo ak rekiperasyon nan pandemi an. Li te di li pa t tandè enkyetid aplikan potansyèl yo sou entèvansyon DESE epi li pa panse eksperyans lan ta diferan si rechèch la te pwolonje. Li te di tou de kandida yo angaje nan ekite ak amelyorasyon rezilta elèv yo epi yo gen sipò lidè lekòl yo. Misye O'Neill te di eksperyans siveyan an enpòtan anpil pou satisfè demann travay la epi pou sipòte travay distri a ak DESE, Mesye O'Neill te ekspri sipò l pou **Mary Skipper**.

Madam Robinson ekspri desepsyon li konsènan gwoup kandida final pa t gen plis divèsite. Li te di travay distri a ak travay DESE se yon travay enpòtan, ki fonksyone nan kondisyon ki estrik. BPS ap bezwen yon lidè solid ki gen eksperyans k ap travay avèk DESE epi kòm siveyan. Madam Robinson te di li prefere kandida **Mary Skipper**, remak paske li ka operasyonèl depi nan kòmansman. Madam Robinson te di BPS pral bezwen konpetans Dr Welch nan distri a pou fè patenarya ak fanmi yo sou pwoblèm enpòtan tankou Green New Deal.

Madam Sullivan te anonse nan sèt (7) manm ki vote yo, kat (4) manm te deklare yon preferans pou Mary Skipper, pandan twa (3) manm te deklare yon preferans pou Dr Tommy Welch.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk rekèt pou nonmen Mary Skipper kòm Siveyan Lekòl Piblik Boston yo, sou rezèv negosyasyon reyisi yon kontra travay

Komite Lekòl Boston te fè yon Reyinyon Espesyalsou
Zoom

29 Jen 2022

mitiyèlman akseptab ant madam Skipper ak Komite Lekòl Boston an epi tou de pati yo oswa reprezantan yo te siyen.

NOUVO AKTIVITE

Okenn.

FEN REYINYON AN

Apwouve -Apeprè 9:20 p.m. Komite a te apwouve yon mosyon, nan apèl nominal, pou leve seyans egzekitif la nan objektif pou diskite sou estrateji k ap prepare pou negosyasyon avèk siveyan enterimè a ak siveyan ki deziyen an, tou de se anplwaye ki pa sendikalize. Madam Robinson te anonse Komite Lekòl la pap retounen nan seyans piblik.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif